# Со-м ца ваьхьна хьоьга еза ала

**Со-м ца ваьхьна хьоьга еза ала,**
**Дено, дено  йохкуш кханенаш.**
**Ас суьйрений къайлах лайна бала,**
**Къаьхьа луьстуш мерза ойланаш. 2р**

**Со-м ца ваьхьна хьоьга еза ала,**
**Хьан са гатлуш дог а дилхина.**
**Ахь кхечунна 1енош б1аьргий алу,**
**Со гуш йоцчу ц1аро вагийна. 2р**

**Со-м ца ваьхьна хьоьга еза ала,**
**Лалур доцуш алахь чорда дош.**
**Цхьаллехь йуттуш сатийсамий г1ала,**
**Бехке доцу летийна къинош. 2р**

**Хьо езаро са суждане кхуьйлуш,**
**Хьан аматан йийсар со хилла.**
**Жимчу даг чохь боккха безам къуьйлуш,**
**Дохко ваьлла еза ца аьлла. 3р**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)